# ГIахьвахъ гъазават

Мау загьур босун, какиги чурун,
Цин ният бухьизин къасият хъвазе
Гьал хъахIал килщазде гьариги тIамун,
Бисмиллагь гьабизин назму херхине.
Лъугьа, хIибру-къалам, хIадурлъи гьабе
ХъахIаб варакъалда зигара хъвазе,
Бахъа, абжатият гIажамалъ кIалъай
ГIахьвалазул ккараб гъазават бицун.
Бице, щиб ахIуда, гIурус гинауз,
Цере мелъел тIамун ГIахьвахъ вегьарав?
Бице, Ярис Мелик, киве мун ккарав
Гьоболлъухъ ахIунищ, гIажал гьарунищ?
Бице кинав чапар духъе вегьарав
Гьаб нижер къавмалъул къварилъи бицун?
Бице нижедаса хIажалъараб жо?
Ниж- бусурбабазул гьитIинаб къокъа
Къварид гьабизедай илагь бергьараб?
 Калам къокъго телин: тавакал РахIман –
Хъвараб бихьичIого чи ворчIуларин.
Бице тIад вуссинищ, вуссинаревищ?
Бидул хIоринире лъадай лъикI гурин .
МаслихIат бегьичIин, субхIат рекъечIин,
ЧIухIарав агIдаас хIарбу бищапин.
Будунас рогьалил как ахIарабго,
ТасбихI игIлам гьабун вагIза цIаланин
"Капур рещтIун вугин "Зоноб" кIкIалахъе
Нилъ басра гьаризе боялги рачун.
Бачун музыкагун, кьабун къалигун
КIиазарго гIурус, гIемераб ярагъ –
Абужагъал вугин МелъелтIа вахъун.
КIинусавго лусус бакълъулазулгун
Гьекъолеб жа бугин, кьурди, кеп бугин,
Нажасил гъан бугин къотI-къотIун кунеб.
Нусиде вахинчIев гIахьваласулгун
ГIураб къуват бугин Ярисица лъун
Сверухъ кьурабаца сангар къараб кIкIал,
Къо ккун бугин тIаде - хIадурлъи гьабе.
Лъабго лъар жубалеб жаниблъиялда,
ГIажуж бугин рещтIун жужахI балагьун.
ЖамагIат гьабизе тIалъулевщинав,
ТIилгун, гамачI босун къватIив вахъаян.
Асирлъун кколелъул гIажалго бище,
ГIурусазда цеве хIакъирлъизегIан.
ТуманкI щвараралъубе чIартил гIулла къай,
КъватIул бахIрабазул бо бихххизегIан.
Мусаламат ккечIин чIегIер гъудулгун
Лаилагьгун гьура цоцалъ жубанин.
Цин анлъго мелъелав лъунин ракьалда,
Лъеберго лъукъарав къанин молода.
Кодоб бугеб ярагь батIаги гьабун,
Лъабнусилъ баханин Ярисил ками.
Бице, "Зоноб" кIалтIу, хъухъарияллъул,
КIкIвида бетун бугин гIахьвалазул кIкIал,
Бице, чIабтIил гьури, гIасиял гьаркьал
"Вай, мамал" магIна щиб - гьура къотIанин.
Бице, музыкадул кваралдай тIурал –
Капур зигардулеб гьаракь рагIулин?
Бице, тIилгун ганчIил гугарияльул
Гьумер буссинчIого гьорлъ жураразул.
Бице кIкIалахъ бугеб ахIи-хIуралъул,
ГьитIинаб къавмалъул къварилъиялъул.
Къалъул как баледе гъогъол колода,
Ункъоявго гъази накълулъун вугин.
Жеги лъукъаразул кьадар лъаларо –
Муса АсхIаб вугин хIисаб гьабулев.
УхIудалъул рагъулъ ХIабибасул хIал,
ХIал бигьалъиялъе ракIалде щвезин.
АхIулгохI толелъул имамасул къасд,
Сабру бергьиналъе гьинада хъвазин.
Бице, нусиялда къоло ичIида,
Ункъил нахъа хъвараб къасабалъул сон.
Бице, шаввалалъул къоабилеб къо,
Къурбанал гьарулеб гIидго гуребдай?
Их бигъараб соналъ Хъандауралда
Хъухъари гьадинаб ккун батиларо,
БухIун росу бугин, гьалаг цIа бугин,
КъватIив хабаралъе хутIун гьечIин чи.
ТIингъиль, сагуладулъ,сукIун рукIунел
Сас къотIи бихъулищ годекIабахъе.
ХIелкил гIе-гIей гурин, гьвел хIапи гурин,
КъватIахъ релъи-гIоди лъимадул гьечIин.
Бице, шагьидасул рухI босулелъул,
Шагьадатги битIун васият гьаби:
"Умумузул намус, шаргIалъул гIадлу,
ГIодоб рехарасе жужахI хIадураб.
Иман-исламалъул хIурмат цIуничIев,
Бичасул рокъове къазе виччаге.

Дир биялъ белъараб гІищкъул мулкалъул
ХІалаллъи гьечІебин ихІсан гьечІесе"...
Бице хвалда цебе малгІунил гІоди,
Хъвараб кагъат бугин кисиниб сукІун.
Рисалат битІизе сугІад щвечІого
ЧІалхун балагьидал гьелда хъван буго:
"Дун кІкІалабахъ вуго, нохъабахъ вегун,
Жундулгун рекъараб халкыун вагъулев.
РекІелъ мачІу тІурал, ганчІил гьарурал
ГІалхул чагІи руго мугІрул кулабахъ.
Хварасда рухІ лъолеб лъедеги ккечІин –
ЧІваравги вахъулин бахъун ханжаргун.
РоцІараб зодисан цІерлъуи тІад балеб
ТІухьидул гулликьан чи кьуруларин.
Жвархъан кинацаго лайлаги бачун,
Гъужумалъ журалин бер къапичІого.
Гьалда хадуб цойги кагъат кватІани,
Кавказалъул рагьулъ лъугІанилан те".
Бице хІамил гьагІи, чодул хІи-хІиди
Лъиде ахІи тІамун ахІдолел ругел?
Бице чечІетал парсал, сахІиб чІвараблъи
Кьолозе читІагІун тІад хутІараллъи.
Бице, кьурул, рижи, дир мацІ бичІчІичІин
Гьарараб щвечІого капур инчІолъи.
Бице пачахІасда, гІурус апицер,
Хъат цІурал гІахьвалаз мерхьун ритІарал.
Бице къиралaсда ракІалде щвезе,
Шамил камуниги тІанчІи нахъ рати.
Бице бидуласда кьурун гьечІолъи,
Долго кьурабиги, долго кІкІалалги.
Бице амру кьурав ЧІавчІавузиде
Я гІадат, я гІамач хисун гьечІолъи.
Бице жидехъаго бахъараб ярагъ,
Кьвагьизе лъачІеца хІара ккун чІвараб.
Бице, цІахІил барти, МахІмудил гьунар –
Жондорго хвалчаца анцІго чІварасул.
Бице кваранаб гъеж хІетІе чІунги тІун,
КвегІалъ кІиго чІварав раис Къурбанил.
Бице изаносев ЧІавусил къисмат
Щекъер ккун гІодов чІван капур гъанкъарав.
Бице Гъарагъазил - рохьил гъалбацІил,
Гъазаватги тІубан тІад вуссинчІесул.
Бице, шагьидлъарав лъабго вацасул –
ИмахІолгун, Малал, Шамхалил къиса.
Бице гьезул эмен ДенгагІалилги,
Абудул Жаннатил жан чорхолъ лъурав.
ГІабдувал гъурулев Асадил къиса...
ЖумухІул ГІамрулгІан ракІ сасинчІого,
Къисас васалазухъ босун вагьарав,
ЖахІшил ГІабдулагьил гІуржунил хвалчен
Денгал гІалица хъвагІун тараб куц.
Шиддат цІикІкІаразул зумаратазул
ИчІго капурасул бетІер даларaб,
ГанчІида тІад вахун, ругъналги рацІцІун,
Жеги гъорлъ жувазе гьираялъ вугев.
Горолъун тІад балеб тІухьил гуллица
ДенегалгІалидаги жархІ нафиз лъуна,
Лъабгоясул эбел - асул халилат
Хехго щола тІаде чІегІераб харбихъ.
Щивасда аскІой ун, убачги гьабун.
АлхІамдулиллагьан рецц Аллагьасе,
Кьерда васал рукъун, къо лъикІги гьабун,
Къокъуна хІурулгІин молода цадахъ.
Рокъое щвелалде Къариб накълулъун,
Къварилъи ункълъула, къороллъи щола.
Я магІу гиричІо, я къварилъичІо –
Керен хахарасда хоб бихьулилан,
Шагъидлъун хваразда хадуй угьдичІо.
Дун разияй йигин дур хІукмуялда,
«Сабру цІикІкІун кьейги, къудратав Аллагь!
Дунги гъорлъе ячун шапагІаталъе
Жаннат насиб гьабе дир шугьудузе».
АнкъцІали мисрияв, кІикъого шамав,
Лъабнусго магърибав, анцІго гІиракьав,
Анкьавго икълимав, цохІо маккаяв –
Гьесда цадахъ сияр сабаблъун ккайги.
Бице, гІахьвалазул гІедегІараб лъар,
Лъарахъ рехаразул къадар щибали,
Бице, Щулагьиниб махил рохь, дуца
Дур тІилица вухун чан хваравали.
Бице, ЧІчІетал кьуру, дур гьорчоги щун,
Чан шурун гвангвара гъурарабали.
Бице, чачан ханжар, чан чІваравали,
ЧІарбиде чехь бихъун чан варавали.
Бице, цІедехІ хІара, хІосалъул гьунар,
ХІал бергьарав малгІун гІебса кин лъурав.
Бице, Гъази-гьумек - чарамул хвалчен,
Чамасул гарбида жемарабали.
Бице, кІкІалал, нужер гъварилъиялъул,
Гъурун гъогъолъ рарал капурзабазул,
Бице, кьурул чудук, чан ракьа кІкІураб
Чаргьедалъ берал цІцІун, цІумалъ кваразул.
Бице, Тахо мегІер, гІисин лъимазул,
ГІи-боцІигун журан кир ккаралали.

Бице, гьал руччаби, росу тараб куц,
Каранде лъимал ккун, чода херал къан.
Бице, борхатаб си, дур гІолилазул,
Я хвел, я эркенлъи тІаса бищарал.
Бице, хъахІал мугжул, къуларал гьодал,
Васал рукъияльул, къанал чІваялъул.
Лъабкъоялда ичІго шагьид вукъараб.
Шавагьидаз ккунин, ХІусендибир хур.
Каранда гулла щун, молода унев.
Гьашто хабалъ лъунин Халитил ГІумар.
Хвалил ругъун щварав щуявго шагьид,
Вукъаравин росдал къарафаталда.
Изандерил хабалъ рахІмат рещтІанин,
Эквачигун ХІажи даималъ шведал.
Зобазде рухІ арал гьазизабазул,
Макъбарат рагьанин зияраталъе.
Бице нижер салам тІукадерида –
ТІаса парсинисан ахІи баразде.
Щукру, ГІисадибир - диналъул валид,
Щивав шагьидасе къулгъу цІаларав.
Аллагьасул салам, Сугъралъав имам,
Сабру-яхІ бергьарав МухІамадхІажи.
Дур Имаматалда шагьидлъаразул
ТагІзият гьабулин квер бачун дуда.
Я бергьенлъи, я къей хІакъаб кьалуда
Къимат кьучІаб кьелеб нахъ хутІараца.
Мунагьал рацІцІине далил цІехолин,
Дунял тун аразул калам къотІулин.
Бице гІурусаца мухьдахъ ккуразул,
Мелъел-бакълъулазе кьурал чиназул.
Бице пачахІасул бечелъиялъухъ
Бичараб диналъул, тараб нафсалъул.
Бице КІаратІаса Айзанил Бахул -
ГІурус аскаралъе тепси къачарай
Бице байрахъулав СихІирав ГІалил,
Иман инжилалде жиндир сверарав.
Бице, БагІармесед, гІилла щиб ккараб
ГІодоб ярагъ рехун мун тІуриялъс?
Кин хунздерил ХІамзат, яхІ бортун ккараб
Уммат МухІамадил цолъидал нилъер?
Тохлъизе кин чІарав, ЦІулдисав ГІабдул,
ЦохІо Аллагьлъидал хІукму къотІулев?
Къварилъиги рагъги хутІулин нахъе –
Къо борхуларезе ничго гьечІебдай?
Бице, магІарулал, нужер гІумрудул,
Доб гІурус халкъалъул иргьабиялъул
Бице, мугІрул щобал, ккарабщиналъул,
Аза-азар рухІ кьун цІунараб гьогьол.
Бице, гьаб Дагъистан, дур къисаялъулъ,
БахІарзал тІагІараб доб Сибиралъул...
Бице пачахІасда тІухьил гуллица,
Гьал магІарулазул намус чІвалареб.
Бице Ярисида чармил хвалчаца,
Иманги исламги лъукъулареблъи.
ШафагІат бергьаги, бетІергьан Аллагь,
Иман-ислам цІунун рухІ бичаразе
Алжан насиблъаги дир шугьудузе
Расул данделъараб давлаги бергьун...
Лаиллагь илаллагь, АлхІамдулиллагь
Аллагьасул салам лъейги нужеда!
Дунги гьоркьов рехсе шапагІаталъе
Мунагьал гІемерав Аллагьасул лагъ.
Амин!